ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№68 (23.226) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 13, бэрэжьей • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий: «Космонавтхэм я хахуагъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ Хэку лъагъуныгъэм и щапхъэщ»

ЦІыхур яп дыдэу хьэршым зэрыльатэрэ ильэс 55-рэ щрикъум КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. «Instagram»-м щиІэ напэкІуэцІым а махуэм и дунейпсо мыхьэнэр зэтеухуауэ иритхащ:

«Зэрыщыту ди къэрал иным къыдэкІуэу мэлыжьыхьым и 12-м Космонавтикэм и махуэр Къзбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапІэ. Гагарин Юрий хьэршым зэрыльэтам тхьдэ мыхьэнэ иІэщ икІи цІыху зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщІэу ар уваща, Космосыр джыныр нобэми экономикэм и Іэнатіэ нэхъ лъэщхэм икІи технологие пэрытхэр къыщагъэсэбэпхэм ящыщщ, ракетэ-космос комплексри Урысейм зыхьумэжьыныгъэмкІэ и Іэнатіэмрэ абы и промышленнэ зэфІэкІымрэ къыгурыІуэ зимыІэ я Іыхьэщ. Космонавтхэм я хахуагъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ Іэхъум егъэзыгъэ ерыщу бгъэдэтыным, Хэку лъагъуныгъэм я щапхъэщ», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий.

КІуэкІуэ Ю. А. хэтащ Урысей Федерацэм ТранспортымкІэ и министерствэм и коллегиер зэфІагъэкІахэм щыхэплъэжа зэІущІэм

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм ТранспортымкІэ и министерствэм и коллегиер зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм щыхэплъэжа зэІущІэр УФ-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІущІэр къыщыізэІуихым УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Левитин Игорь гулъытэ хэха хуищІащ 2022 гъэм нэсыху автомобиль гъэзгухэр щІэгъэхуэбжьауэ яухэуну къаззырпэщыгъым, абы къыдэкІуэу транспортым и Іэнатіэм шыкнагъуэншагъэ къыщыізгъэпэщыным зэпымыууэ зэрегулъпхъэм. «Къэрал Советым иджыблагъэ гъэзгухэм шынагъуэншагъэ къыщыізэгъэпэщыным тегухуауэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Президентым къыщигъэващ гъэзгухэм къыщыхъу фэбжьхэр, апхуэдэу хэкІуадэхэм я бжьгъэр икІэщІыпІэкІэ ягъэмэщІэну. Апхуэдэ къаланыр гъэззэщІа хъун папщІэ властым и Іэнатіэ псоми ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэгъэулпхъэщ, сыту жыпІэмэ транспортым и Іэнатіэм шынагъуэншагъэ къыщыізэгъэпэщыным лъэныкъуэ куэдкІэ бгъэдыхьэн хуейщ», - жиІащ Левитиным.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дворкович Аркадий УФ-м ТранспортымкІэ и министерствэм, абы и унафэм щІэт агентствэмрэ адрей Іуэхущіапіэхэмра фІыщІэ яхуищІащ транспортыр зэпІэзэрыту икІи шынагъуэншэу лэжьэныр къыззрызэрагъэпэщым папщІэ. Абы хэхауэ къигъэлъагъуащ нэгъабэ экономикэм и щытыкІэр зэкІэлъыкІуэ дыдэу щымыта пэтми, зэрыщыту къапщтэмэ, транспортымкІэ комплексым зыужьыныгъэ зэриГъэтар. АбыкІэ сэбэп хъуащ кризисым пэщІэтыныкІэ Правительствэм зэхилъхьа планым къыщыгъэлъэгъуа Іуэху щхьэхуэхэр, хэхауэ къапщтэмэ, транспортым и рынокым хиубыдэхэм папщІэ налогхэр зэрагъэмэщІар.

Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм жиІащ мы Іэнатіэм дяпэкІи инвестицэхэр къыхьызщІагъэуІуэн папщІэ абы щылажьэхэм налогхэмкІэ зэрыхудгъахьым адэкІи пащдахъэу къызэриГъэтэр.

«Урысей Федерацэм Транспортымкіэ и министерствэм 2015 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм, 2016 гъэм, апхуэдэу 2018 гъэм нэсыху зыхуэплъэ мурадхэмрэ къэув къаланхэмрэ ятеухуауэ» зэІущІэм доклад щищІащ УФ-м транспортымкІэ и министр Соколов Максим.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ 2015 гъэм Къзбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуахэм транспортым и Іуэхутхъэбзэу сом мелларди 3-рэ мелуан 890-рэ зэрыхуащІар. 2014 гъэм елъытауэ ар проценти 5,3-кІэ нэхъыбэщ.

Республикэм и жылагъуэ транспортым и процент 15-р щІэуэ зэрахъуэкІащ. Федеральнэ центрым и дэІэпыкъуныгъэкІэ къащІэхуащ газкІэ лажьэ автобуси 135-рэ. Абыхэм ящыщу 58-р нобэм ирихьэлІэу КъБР-м къыІэрыхьащ.

Налшык къалэм и къуэкІыпІэ, къухьэпІэ гъунэхэм мы зэманым иджырей автовокзалитІ щахуэ. Ахэр цІыхухэр тыншу икІи шынагъуэншэу къеІэжкІынымкІэ мардэхэм сыт и лъэныкъуэкІи къезэгъэу щытынущ. «Налшык» аэропортыр егъэфІэкІуэным, абы зегъэубгъуным хуэгъэза лэжьыгъэщхэри йокІуэкІ. Абыхэм я фІыщІэкІэ мыбы ильэс къэс Іуэхутхъэбзэ зыщыхуащІэ цІыхухэм я бжьгъэр мелуан ныкъуэм нагъэсынущ. Республикэм и гъэзгухэм къыщыхъу гуэзвэгъуэхэр гъэмэщІэныкІэ, абыхэм хэкІуадэхэмрэ фэбжь хэзыххэмра я бжьгъэм кІэрыгъэхунымкІэ сэбэп хъунущ шофархэм я Іэзагъым щыхагъэхъуэну «Кавказ-Автосити» центр ину иджыпсту яухуэр. Республикэм и бюджетым щыщ ахъшэшхуэ хухахынущ «Шынагъуэншагъэ здэщыІэ республикэ» комплексым хиубыдэ лэжьыгъэхэр гъэззэщІэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Москва щахуэзащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухамрэ я унафэщІхэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щахуэзащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрейрэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Горчев Олегрэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Іуащхьэмахуэ» урысейпсо туристкрекреацэ комплексым дяпэкІэ зегъэужьыным, инфраструктурэм ехьэлІа уху эныгъэщІэхэр егъэзыгъэкІыным. ЗэщІыгъуу ягъэзэщІэну проектэхэмкІэ лэжьакІуэ гуп къыззрагъэпэщащ, яубзыхуа къаланхэр щагъэззэщІэну пІалъэхэр ягъэбелджылащ.

«Ахъшэшхуэ зэрытхухахым теухуауэ Урысей Федерацэм къэрал унафэ къызэрищтам дэ къаланышхуэхэр къытхуегъэув икІи дунейпсо мардэхэм кьезэгъ иджырей курорт зэгегъэувэныкІэ Іэмал пыухыкІахэр къыдет», - къыхигъэщхьэхукІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Дадэ МуІэед, властым и федеральнэ органхэмрэ Москва и Правительствэмрэ ядэлажьэныр къызэгъэпэщыныкІэ КъБР-м и лІыхІуэ хэха Губин Геннадий, «Іуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Беккаев Хьисэ, «Ай Би Си» компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Войтов Александр сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Республикэм и гидроэнергетикэм зэрызиужьынум теухуа псалъэмакъ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий Налшык щыхуэзащ «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и япэ къуэдзэ Богуш Борис.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и гидроэнергетикэ комплексым зэрызиужьыну унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм, Зэрэгъыж ГЭС-р лажьэу яутІыпщын папщІэ зэфІагъэкІыпхъэу къэнахэм, гидроэнергетикэм и предприятэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным.

«РусГидро» акционер зэгухьэныгъэм и Къзбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм и унафэщІу ягъэуваща Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу лэжьа Кладько Игорь.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Кладько Игорь «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэм и Къзбэрдей-Балъкъэр Іуэхущіапіэм и унафэщІу зэрагъэувам къыхэкІыу, Прохладнэ къалэ округым и Уставым къызэригъэувым тету, муниципалитетым и унафэщІым и къалэнхэр игъэззэщІэну и пщІэ далъхьащ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Кочергин Д. А.

Кладько И. Е. «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэм и Къзбэрдей-Балъкъэр Іуэхущіапіэм и унафэщІу зэрагъэувам къыхэкІыу, Прохладнэ къалэ округым и Уставым къызэригъэувым тету, муниципалитетым и унафэщІым и къалэнхэр игъэззэщІэну и пщІэ далъхьащ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Кочергин Д. А.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Праймеризым хэтынухэр наІуэ къохъу

«Урысей зэкъуэт» партым и Къзбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и зи чэзу зэІущІэр теухуауэ щытащ Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуэнухэр къыхэхыным ехьэлІа пэублэ ІэІэтым хэтынухэр къызэрыхахам.

РЕСПУБЛИКЭМ щекІуэкІыну праймеризым и кандидату ятхащ цІыху 12. Ахэр Апажэ Аслъэн, Беккиев Мухьтар, Геккиев Заур, Дым Мухьэмэд, Кьэжэр Хьусен, Кьардэн Мурат, Марьяш Иринэ, Морозов Виктор, Тхьэмокъуэ Анзор, Шэт Ирмэ, Щоджэн Мухьэмэд, Щхьэгуэш Адэлбий сымэщ.

Кандидату ятха псори фІэкІыпІэ имыІэу утыкум къыщыпсэлъэн икІи цІыхубэм я псоукІэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэху нэхъыщхьэхэм езыхэр зэрелъыр хэІущІыІу ящІын хуейщ. А къэпсэлъэныгъэхэр зэрищтам дэ къаланышхуэхэр къытхуегъэув икІи дунейпсо мардэхэм кьезэгъ иджырей курорт зэгегъэувэныкІэ Іэмал пыухыкІахэр къыдет», - къыхигъэщхьэхукІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ МуІэед, властым и федеральнэ органхэмрэ Москва и Правительствэмрэ ядэлажьэныр къызэгъэпэщыныкІэ КъБР-м и лІыхІуэ хэха Губин Геннадий, «Іуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Беккаев Хьисэ, «Ай Би Си» компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Войтов Александр сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Ветеранхэм папщІэ таксир пщІэншэщ

Мэлыжьыхьым и 10-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 10-м нэсыху Къзбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынуц «ТекІуэныгъэм и такси» псапащІэ Іуэхур. А маззэм къриубыдэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр республикэм и сыт хуэдэ щІыпІэми таксикІэ пщІэншэу кІуэ хъунущ. Абы папщІэ 8(8662) 77-83-83, 8(928) 693-20-92, 8(905) 437-83-83 телефон хэмкІэ псэльэн хуейуэ аращ.

Мы проектыр кьыхэзыІльхьар икІи зыгъэзащІэр «КъБР-м и социальнэ ІэнатІэм и инноваци центр» сатум пымыщІа Іуэхущіапіэ пыгъэщхьэхуІарщ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 13, *бзэрэжьей*

- **Рок-н-роллым и дунейпсо махуэщ**
- **Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ меценатымрэ псапащІэмрэ я махуэр**
- **Таиландым илъэсыщІэр къыщрагъэхьэ**
- **1517 гъэм** Каир щауКІащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин Ал-Ашраф Тумэн-бей.
- **1895 гъэм** Урыс Къэрал музейр къызэІуахащ.
- **1902 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург и уэрамым япэ троллейбусыр къыдыхьащ.
- **1934 гъэм** Арктикэм и мылхэм «гъэр» ящІа «Челюскин» кхъуным исахэр кьегъэлъным теухуа лэжьыгъэхэр зэфІэкІащ. Шмидт Отто эи унафэщІ экспедицэм хэтахэр зэрыса къуэхьыр хым щІилъафэри, цІыхуи 104-рэ мазитКІэ мылым тесын хуей хъуат.
- **1944 гъэм** Кърымым и кьалащхьэ Симферополь нэмыцэ-фашист зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.
- **1945 гъэм** советыдзэхэм Австриием и кьалащхьэ Венэ хуит кьащІыжащ.
- **1970 гъэм** Атлантикэ хым щыщІилъэфащ Совет Союзым и К-8 атомнэ псыщІагъырыкІуэ къхъуащ. Абы щыгъуэ цІыху 52-рэ хэкІуэдат.
- Урыс тхакІуэ, усакІуэ **Бедный Демьян** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Придворов Ефимщ**) къызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.
- Совет композитор, дирижёр, СССР-м и гимным и макъамэр (иджы УФ-ми ейщ) зытха, СССР-м и цІыхубэ артист, Сталиным и цІэр зезыхьэу щыта саугъэту тІу зрата **Александров Александр** (и унэцІэ дыдэр **Копателовщ**) къызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.
- Адыгэ узэщІакІуэ, ІуэрыІуатэдж **ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
- Урысей политик, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэу щыта **Хакамадэ Ириня** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
- Урысей шахматист, дунейм и чемпион, политик **Каспаров Гарри** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.
- Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп чемпионкэ **Навкэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 14, *махуэку*

- **Украинэм и МВД-м и къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэм и махуэщ**
- **Индием я лъэпкъ махуэгъэпсымкІэ илъэсыщІэр къыщрагъэхьэ**
- **1801 гъэм** Урысейм и пащтыхь Александр Езанэм унафэ къыдигъэкІащ щІэнхьаджагъэ илъэхьауэ щэч зыхуащІ щыпхъэрыупщыхькІэ залымыгъэ кІэлъыззрахьэу мыдэным теуухуащІ.
- **1848 гъэм** Урысейм къыщыззрагъэпэщащ цензурэмкІэ комитет. Абы и кьалэн печатым кьытехуэхэм щхуэу кІэлъыплъыныр, къэрал упчэщІхэм яг иримыхь тхыгъэхэр кьытремыгъэдзэныр.
- **1890 гъэм** къыззрагъэпэщащ Америкэ къэралыгъуэхэм я зэгухьэныгъэр. Абы хохьэ Америкэ ИщхъэрэмкІэ Ипщэмрэ къыззщІаубыдэ къэрал 35-рэ.
- **1908 гъэм** Петербург дунейм къыщытехьащ «Сатирикон» журналым и япэ номер.
- **1912 гъэм** Атлантикэ хым щыщІилъэфащ Инджылызым и «Уайт Стар Лайн» компанием и «Титаник» кхъухьыр. А зэманым абы нэхъыр нэхъ инрэ нэхъ пІащІэ дунейм зы кхъухьи щащІатэкъым. Хым кърихьэжьа мыл абрагъуэм щыжьэхэуам абы цІыху 2208-рэ исати, псэууэ кьелар 704-рэщ.
- **1927 гъэм** Швециием щыщ Гётеборг кьалэм къыщыщІагъэкІащ «Вольво» маркэм и япэ автомобилыр.
- **1945 гъэм** Москва къыщызэІуахащ СССР-м ЩІэныгъэмкІэ и академиемк и Ботаникэ хадэ нэхъыщхьэр.
- **1961 гъэм** Совет Союзым къыщащтащ «СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт» цІэр.
- Урысей империем и Правительствэм и унафэщІу, къэрал кІуэ Іуэхухэмкіэ министру лэжьа, мэкъумэш Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыныр къыхэзыльха **Столыпин Пётр** къызэралъхурэ илъэси 154-рэ ирокъу.
- КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
- Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 17, жэщым градус 11 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Мэкъумэш Іэнатіэхэм

Губгъуэ лэжьыгъэхэм щоужьэрэкІ

Бахъсэн щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и Іуэхущіапіэм къыззритамкІэ, бжьыхьэсэр гектар 2608-м щызэрахьэ. КъэкІыгъэ пасэхэмрэ джэшхэкІхэмрэ гектар 311-м, кІэртІофыр гектар 36-м щыхасащ.

МэкЪУПІЭХЭР гектар 250-рэ мэхъу. Псори зэхэту гектар 28438-рэ яваща. Мы зэманым еужьэрэкІыну къитхъ ящІ, жылэхэр зэрыхалъхьэнум хьэсэхэр хуагъэхьэзыр.

Гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэм техникэ зэмылІэужьыгъуэу 821-рэ къыщагъэсэбэпынущ. Кьапщтэмэ, трактору 386-рэ, пхъэІэщэу 140-рэ, культиватору 132-рэ, жыласэу 115-рэ, кІэртІофэ зэрыхасэу 3, хущхъуэ зэрытракІэ Іэмэпсымэу 45-рэ зэрагъэпэщыжащ.

Илъэс куэдкІэ къыізыпыкІэ жыг хадзу гектар 2140-рэ яІэщ. Абы щыщу гектар 1600-р псынщІэу зызыужьхэм хуэдэщ.

Хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми Іэщыщхъуэ 38594-рэ (жэмхэр 16028-рэ мэхъу), мэлрэ бжэну 28864-рэ, джэдхэзэ 648576-рэ, щыуэ 2554-рэ зэрахьэ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Іэжьэгъур яукІри, зэрыукІитІыр зэбгъэдэкІыжащ.

«Комитетым и сыхьэтым» щыхоплъэ

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм и Президиумым и зи чэзу зэІущіэр иригъэкІуэкІащ.

«КОМИТЕТЫМ и сыхьэтым» хьихьэу депутатхэр абы щедэІуащ «Урысей Федерацэм щыпІэ самоуправленэр зы хабзэм тету къэзэрыщыізэрагъэпэщ щыкІэм и Іэхуэкіэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-кІэ щыІэ Федеральнэ закон №131-ФЗ-р гъэзэщІэным пыщІа гугъуехь нэхъыщхьэхэр я жылагъуэм и щапхъэмкІэ игъэнаІуэу, Ислъамей къуажэм и Іэтащхьэ **Ахъы Аслъэнбэч** жиІахэм. Ар зэпкърыхауэ къыітеувыІащ республикэм и жылагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и социально-экономикэ зыужьыкІэр зыхуэдэм.

- 2016 гъэм щыІышлэм и 1-м ирихьэлІэу зэратхамкІэ, цІыху 11625-рэ ди къуажэм щопсэу, унагъуэ 2254-рэ дохъу. Пщэдджыжьеджэу ныбжьыщІэ 1390-рэ зэдкІуэ курыт школиплІ, сабий 280-рэ щаІыгъ гъэсапІищ диІэщ, 2014 гъэм кІыззІутха иджырей амбуляторэм сымаджэ 10-м зэуэ щеІэзэ мазухэрылажьэ пэш щхьэхуэ хэтщ, мазухэм цІыхуи 120-м щакІэлъэоплъыф. Жылагъуэр зэрыщыту щІыуэпс газрэ токкІэ къызэгъэпэщащ,- къигъэлъэгъуащ къэпсэльам.

Ахъы Аслъэнбэч зэрыжиІамкІэ, Щэнхабзэмкіэ унэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьын хуейщ. Сом мелуани 7 и уасэ проект-сметэ тхьилъэр хьэзырщ, ауэ къуажэм апхуэдизу мыльку бгъэдэлъхьым. Щэнхабзэмкіэ унэр зэхуэщІами, курыт еджапІэ №91-мрэ №93-мрэ я зэхуэсыпІэ пэшхэм художественнэ самодеятельностхэр щолажьэ, «Исльэмей» цІыхубэ къэфакІуэ ансамблым, «Нур» сабий къэфакІуэ гупым, «Іэдииху» уэрэджьыакІуэ ансамблым, театр, пшынауэ гупжьейхэм ныбжьыщІи 160-м зыщагъасэ.

- ЩІалэгъуалэр физкультурэмрэ спортымрэ хэщэным хуэунэтІауэ зэдгъэхуІлар машІэкъым. Псори зэхэту спорт ухуэнагъуэ 12 диІзщ. СабийныбжьыщІэ спорт школхэмрэ клубхэмрэ цІыху 764-м зыщагъасэ. Физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфакІуэ клубхэм, секцэхэмрэ гупхэмрэ цІыху 936-рэ иокІуалІэ. Курыт еджапІитІым спорт лІэужьыгъуэ зыбжанэм хуэщІа зыгъэсапІэхэр, школ №1-м футбол джэгупІэ Іэрыщ! щыдУхуащ. Къыщынэмыщ!ауэ, курыт еджапІэ №3-м футбол джэгупІэ Іэрыщ! цІыкІум хуэдэ спонсорхэм я мылъкукІэ мы гъэм щытщІыну ди мурадщ. «Вымпел» спорт клубыр 1998 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Мы зэманым сабий 80-м алыдж-урым бэнэкІэм абы зыщыхуагъасэ. КъыззрыззІуахрэ Урысейм Урысей Ипщэмрэ я чемпиону 14, Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпиону куэд клубым къыщІигъэкІащ, 6-м къэралым и зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу увыпІэ нэхъыщхьэхэр щаубыдащ, - къыхигъэщащ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэм.

Лэжьапіэншэхэм я Іуэхуми къыітеувыІащ. Мы зэманым зи къаруилъыгъуэу цІыху 7315-рэ жьлэм дэсщ. Абыхэм ящыщу Іэнатіэ зиІэр 2658-рщ. Районым цІыхухэм лэжьапІэ къахуэзыпІыхьуэ и Іуэхущапіэм 115-м зыщрагъэтхащ. Ар зэрыкъур Іэнатіэншэхэм я зы процентрэ пщІанихрэщ. Щытыкіэм зрагъэхъуэжьын мурадкІэ, уней подсобнэ хозяйствэ зезыхьэнухэм, бизнес машІэм хыхьэнухэм щІыхуэ кІыдахьныжьмкІэ ядоІэпкъу, хэзыгъэгъуазэ хъыбаркІэ, чэнджэщкІэ зыщІагъакъуэ. Грантхэр, субсидиехэр щІыхухах проектхэмрэ зэпеуэхэмрэ мэкъумэщыщІэ-фермер хозяйствэхэр хэтщ.

Ахъы Аслъэнбэч къызэригъэлъэгъуамкІэ, мы гъэм и ещанэ кварталым льготэ зиІэхэм щІы гектар 12 хуагъэшынущ. Ар Іыхьищэ мэхъури, я гъунапкъэхэр гъэбелджылыныр и кІэм нагъэсащ, ауэ, дэпэпкъуэгъу имыІэу, а щІыпІэр администрацэм и закъуэ зэІуэзэпэщ хуэщІынукъым, псы, ток, газ кІуапІэхэр хуэукъуэдиинукъым. Къыкіэпыкіуэу ар къытеувыІащ налог зытехьэ псэуалъэхэм, пхъэнкІий идэпІэ Іэрыщ!хэм, нэгъуэщІхэми ятеуха хъыбархэр щызэрагъэІу щІыпІэ хэха (базэ) жылагъуэхэм щыІэн зэрыхуейм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** и упщІэм и жэуапу абы къигъэлъэгъуащ «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдизу 2020 гъэ пщІондэ къуажэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам тету, унагъуэ 35-м я псэупІэхэр зэрырагъэфІэкІуар.

- Къуажэдэсхэм я псэупІэхэр сэбэф!кІуэныкІэ, Іэщ!агъэлІ щІалэхэр я пІэм изэгъэныкІэ программэр сэбэп мэхъу,- къыхигъэщащ Ахъы Аслъэнбэч.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** хабзэубзыхуэм гу лъаригъэтащ къэпсэльам зи гугъу ищІа гугъуехьэр республикэм и жылагъуэ псоми зэрыщІым икІи абыхэм ятеухуауэ Парламентым и Президиумым къищтэ чэнджэщхэр зэрагъэзащІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъым зэрыхуейм. Абы къыхилъхьащ, депутатхэр щытыкІэм нэхъыфІу хагъэгъуэзэн щхьэкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІыну.

Тепсэлъыхьыныр зэфІэкІа нэужь, КъБР-м и Правительствэмрэ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэмрэ яхуэгъэзэа чэнджэщ къащтащ. Апхуэдэу Исльэмей къуажэ администрацэм чэнджэщ иратащ я зыужьыныгъэм теухуа проектэхэм инвестицэ мыльку хуэзщІагъуЗуэну.

ЗэІущІэм щызэхэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэинэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я объектхэм я Іуэхуклэ» КъБР-м и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ ягъэхьэзыра законопроектым, апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэмрэ УФ-м и адрей щІыналъхьэм я хабзэубзыку жэрдэмхэмрэ ящыщ зыбжанэ зэпкърахащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ!апІэ.

Псэзэпылъхьэпіэ ихуа цІыхухэр

къызэребгъэлыну щІыкІэм теухуа тхылъыр адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ къыдэкІащ

Сабийхэм зыщрагъэужь «Дыгъэпс къалэ» академием «Кавказыр - шынагъуэншэу», «Цыхур къеГъэлныным зыхуэгъасэ» Іуэхухэм ящыщу мэрем кІуам утыку къыщрахьащ псэзэпылъхьэпІэ ихуа цІыхум дохутырэр къэсыху уэзрыдэІэпыкъуфыну щІыкІэм теухуа чэнджэщэр зэрыт тхылъ. А тхылъыр адыгэбзэкІи балъкъэрыбзэкІи къыдагъэкІащ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАЩ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Курортхэмрэ туризмэмкіэ и министерствэхэм, Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м, Налшык къалэ и медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм я лыкІуэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм я къуэдзэхэр, тхылъыр адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкІэ къыдэзыкІым ящыщ зэрыщІэхьэзыра Іэщ!агъэлІхэр, курыт еджапІэ №17-м и «КъеГъэлакІуэ ныбжьыщІэ» классым щеджэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сультан** зэІущІэр къызэІуихри, «Кавказыр - шынагъуэншэу» проектым мыхьэнэшхуэ зэриІэм ныбжьыщІэ щІэинэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я объектхэм я Іуэхуклэ» КъБР-м и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ ягъэхьэзыра законопроектым, апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэмрэ УФ-м и адрей щІыналъхьэм я хабзэубзыку жэрдэмхэмрэ ящыщ зыбжанэ зэпкърахащ.

Щэнхабзэ Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэинхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я объектхэм я Іуэхуклэ» КъБР-м и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ ягъэхьэзыра законопроектым, апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэмрэ УФ-м и адрей щІыналъхьэм я хабзэубзыку жэрдэмхэмрэ ящыщ зыбжанэ зэпкърахащ.

Абы щагъэбелджылащ зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ, федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ субсидиехэр зыхуахъа, правительствэм щымыщІ мыкоммерцІэ организацибгъур икІи зэхьэзэхуэхэм къарикІуэм теухуауэ псори зэхэту гранту сом мелуани 4-рэ мин 589-рэ 914,8-рэ нэгъуэщІ мыкоммерцІэ организацэхэм иратынущ.

2015 гъэм дыгъэгъаззэм и 3-м къэралым и Іэтащхьэм зэрыхэплъэмрэ абыхэм къарикІуэмрэ республикэм и прокурорым и нэІэ тету, унагъуэ 35-м я псэупІэхэр зэрырагъэфІэкІуар.

- Къуажэдэсхэм я псэупІэхэр сэбэфІэкІуэныкІэ, Іэщ!агъэлІ щІалэхэр я пІэм изэгъэныкІэ программэр сэбэп мэхъу,- къыхигъэщащ Ахъы Аслъэнбэч.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** хабзэубзыхуэм гу лъаригъэтащ къэпсэльам зи гугъу ищІа гугъуехьэр республикэм и жылагъуэ псоми зэрыщІым икІи абыхэм ятеухуауэ Парламентым и Президиумым къищтэ чэнджэщхэр зэрагъэзащІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъым зэрыхуейм. Абы къыхилъхьащ, депутатхэр щытыкІэм нэхъыфІу хагъэгъуэзэн щхьэкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІыну.

Тепсэлъыхьыныр зэфІэкІа нэужь, КъБР-м и Правительствэмрэ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэмрэ яхуэгъэзэа чэнджэщ къащтащ. Апхуэдэу Исльэмей къуажэ администрацэм чэнджэщ иратащ я зыужьыныгъэм теухуа проектэхэм инвестицэ мыльку хуэзщІагъуЗуэну

Дахагъэ къэзыгъэщIым хуэдэу абы и бзэ къызыгурыIуэ зэрыщымыIэм и щыхьэт КъБР-м и Лъэпкъ музейм КIыщ Мухьэдин илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Дахагъэм и уэредадэ

УРЫСЕЙМ художествэхэмкIэ и академием хэт, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин и къэухьыр зэрыиныр дунейм и щIыпIэ куэдым щащIэ. Абы и Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къэрал куэдым къыщызэрагъэпэща пэтми, сурэтыщIым и гур къыхуэпабгъэу къыщалъхуа щIыналъэм сыт щыгъуи къеГъэзэж.

Мы гъэм, сурэтыщI цIэрыIуэр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум, сыт хуэдэ Iэхуэкли щIэгъэкъуэныфIу иIэ и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ езымрэ и лэжьыгъэщIэхэмкIэ дагъэгуфIэну мурад ящIащ. «Дахагъэм и уэредадэ» зыфIаща, Лъэпкъ музейм и япэ, етIуанэ къатхэр зыгъэдахэ гъэлъэгъуэныгъэм псэр щымыгуфIыкIыу зы сурэти хэттэкъым. Абыхэм КIыщым и дунейм ухагъэгъуаззэрти, сурэт къэс зи Iэпэ къыпыкIам и философие мыухыр къыббгъэдалъхьэрт, сурэтыщIым дахагъэр зэрызыхищIам и куугъым улъагъэIэсырт. ПIыьфэ зэдэджэгухэм, зыр адрейм къыпищэу къыпщагъэхьурти, уэри а джэгу кIэнщэм ухашэрт.

ИлъэситIым нэблагъэкIэ КIыщым мы выставкэм зыхуигъэхьэзыращ. Лъэпкъ музейм япэу щагъэлъагъуэ сурэтхэр Испаниием кърашащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** зэIущIэр къызэIуихащ. Сурэтыщ1ым и илъэс бжыгъэ дахэм хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэр дахагъэмрэ плъыфэ тельыджэхэмрэ я махуэшхуэу къызэриIыьтэр жиIащ абы. Дипэкли творческэ екъулIэныгъэ иIэрэ къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр иджыри куэдрэ иIэту псэуну екъуэхъуащ Битокъур сурэтыщIым.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис** псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ КIыщым.

- Мы лэжьыгъэ тельыджэхэм папщIэ фIыщIэ ин пхуэсщIыну сыхуейщ, уи творческэ гъэугуанэр кIыхь ухъуну, уи Iэдакъэщ1экIхэм я экспозицхэм хэтщ. ЦIыху щхьэхуэхэм, Испаниием и пащтыхь унагъуэри хэту, КIыщ Мухьэдин и сурэт 300-м нэблагъэ зэрахьэ.

Дунейм и дахагъэ куэд зыльагъуф КIыщым нобэми игъэпэрытыр щалъхуа щIыналъэрщ, ар сурэтыщIым и Iэдакъэщ1экIхэми къытощ. Абы куэд щIауэ и хъуэпсапIэщ и лажьыгъэхэр щигъэлъэгъуэн музей щхьэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIухыну.

- Спортым сызэрыдихьхым, махуэ къэс лэжьыгъэ IыхьэфI есхьэкIыу зэрыщытым и фIыгъэкIэ, ныбжьыр къыстекIуэу зыхэсщIэрыкъым. Къару мыкIуэщI къысхалъхьэ сурэтыщIэ къэс. Пэжым ухуеймэ, апхуэдизэ сурэт схуэмыщIынкIи хъунт си щхьэгъусэм сыт и лъэныкъуэкIи зыкъысщIигъакъуэу щымытамэ. НэгъуэщI зы Iуэхуми си зэман тезмыгъэкIуадэу, гъуазджэм сыхэтщ. Абы и зэранкIэ гъащIэм сыкъыкIэрыхуауи къэплъытэ хуэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ телефонымрэ компьютерымрэ хэсщIыкIырркъым, тыкуэн кIуапIэ сиIэкъым. Зы дахэ гуэр уи гум щызэрытIэпIыкIмэ, абы зэманрэ Iэмалрэ къыхуэбгъэхъунущ дунейм къытебгъэхьэн папщIэ. Апхуэдэ пщIэ уи зэфIэкIым хуумыщIмэ, езыми къуитыжынур куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Си хъуэпсапIэр къыззэхъуIэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым си музей къыщызэIухэмэ, Москварэ Испаниемрэ щызиIэ кIыщ инхэм щыхэзымэ сурэтхэр къэсшэжын мурад сиIэщ. Ар сигу къэзыгъэкIар си щхьэгъусэращ. ИгъащIэкIэ псэу зэрыщымыIэр, хьэдрыхэ зыри зэрыпхуэдэмыхьынур къыдгуроIуэри, дыхуейт апхуэдэ тыгъэ ди щIыналъэм къыхуэдгъэнэну, - жиIащ КIыщым.

- Сэ сщIэр къалэныжхуэу къэзыльытэ щIыIэщ, ауэ а Iуэхуэм гупсэхугъуэрэ гурыфIыгъуэу къызатыр нэхъыбэщ, - къыпищащ Мосс Жаклин. - Си щхьэгъусэр щIыху псоми зэремыщхьым, и фIэщхъунигъэм си Iуэхур тынш ещI. Абы и дуней лъагъуKIэ телъыджэм сысейри ихъуэжащ. Выставкэм кърихьэлIа дэтхэнэми ар зыхищIэу и гъащIэр фIы и лъэныкъуэкIэ ихъуэжыну сыхуейт.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэрытемыгъэкIуэну я мураду къихьами ярейт

● Футбол

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 11-м. ЦIыху 600 еплъащ.

Судьяхэр: Шутов (Новочеркасск), Урдиханов (Мэхъэчкъалэ), Майбородин (Дон Iус Ростов).

«**Ангушт**»: Хамхоев, Аушев А., Балаев, КIыщ, Гаракоев (Аушев Хь., 77), Газдиев Ил., Къуэн З., Къуэн А., Мизхайлов, (Албогачиев, 88), Дзейтов (Прус, 55), Ахкильгов, (Газдиев Им., 66).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Тебэрды (Мэкъуауэ, 46), Мурачёв, Дашаев, Кузнецов, Дроздов (Багъэтыр, 57), Гъурф, Дзыхьмыщ1 (Каркаев, 46), Войнов (Ахриев, 69), Бажэ (ПIуп, 75), Гутуев.

Дагъуэ къыхуащIащ Мэкъуауэм, Багъэтырым, Къуэн З., Газдиев Ил.

Мы зэIущIэр Нэзрэн къалэм щекIуэкIын хуеящ. Арщхьэкlэ абы щIэ, Аушевым и цIэр зезыхьэ стадионыр бжьыхьэм зэхэтыну «Кавказ джэгухэм» зэрыхуагъэхьэзырым къыхэкIыу ингушхэм Налшык къыхахащ. Ди дежщ щекIуэкIынур «Ангушт»-м 2015/2016 гъэхэм я зэхьэзэхуэм щыщу къыхуэнэжа, хэгъэрейуэ щыщытыну джэгуГъуэхэр. Ар куэдым я гуапэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Сыти жыIи, ди гъунэгъуэхэм я щIыхьыр яхъумэу яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболым и гъэсэнхэу Къуэнхэ Аслъэнбэчрэ Заурбэчрэ, КIыщ Залым, Михайлов Константин сымэ. «Спартак-Налшыкми» щымащIэкъым «Ангушт»-м къикIаехэр.

Зэныбжьэгъугъэмрэ зэгъунэгъуГъэмкIэ зэпыщIа командитIыр ерыщу зэпэщIэувэну хуэбгъэфащэныр щхьэгъэпцIэжт. Абы щыгъуэми, ахэр егъэлеяуэ очко хуэныкъуэхэм ящыщтэкъым. Налшыкдэсхэр хэпщIыкIыу псоми япэ ищащ, Ингушым и футболистхэри турнир таблицэм щыпашэхэм ящыщщ, адэкIэ кIуэтэну хущIэмыкъущэу.

Зэлущ1эм и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкым» къаруущхуэкIэ ебгъэрыкIуэ иригъэжьат. Iэмал хъарзынэхэри къыхукъуэкI хъуат. Арщхьэкlэ хуэм-хуэмурэ ар ужьыхьжащ. «Ангушт»-р зыкъуэтIакъуэ фIэкIа ипэкIэ кIуатэртэкъым. Джэгур нэхъыбэу щекIуэкIыр гъуэхэм япэжьыжьэут. Абы къыхэкIыу топ дагъэкIыну пъэныкъуэхэм зы Iэмали яIакъым. Ахэр дэнэ къикIынт, гъуэм хуэзэу командхэр сыхьэтрэ ныкъуэм къриубыдэу зэи емыуамэ?!

ЗэпэщIэтыныгъэр мащIэу къигъэжьыджращ зэIущIэм и кIэухым кърагъэхьа футболистхэм. Арщхьэкlэ топыр дагъэкIыну абыхэми яхуэзфIэкIакъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, лъэныкъуэхэр зэхуэарэзыуэ зэбгъэдэкIыжащ. ТIуми очко зырыз зыIэрагъэхьат икIи турнир таблицэм я лъэр щагъэбыдэн папщIэ ар Iэмал хъарзынэ хъуащ. ИужькIэ хъыбар къызэрытIэрыхьамкIэ, осетинхэм хуабжьу зыкъытщагъэхъуащ, «Спартак-Налшыкым» къыкIэлъеIэ «Iэфыпсыр» я стадионым бжыгъэшхуэкIэ щыхагъащIэри. Иджы абырэ ди щIалэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр очкои 9-м нэсащ. Абы щыгъуэми зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар джэгуГъуиблащи, плIым щытекIуэмэ, налшыкдэсхэм бжьыпэр яIэщIэкIынукъым.

АдэкIэ щыгъуазэ фахуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу вэсэмахуэ зэхэта джэгуГъуэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Алания**» (Владикавказ) - «**IэфIыпс**» (Iэфыпс) - **3:0**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Тэрч-2**» (Грозный) - **3:1**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**МэшыкъуэкIмВ**» (Псыхуабэ) - **1:2**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Дружба**» (Мейкъуаупэ) - **0:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**МИТОС** (Новочеркасск) - **3:3**.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр мэлыжьыхьым и 18-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъэнущ Дон Iус Ростов и СКА-р. КъыхэгъэщIыпхъэщ ар хьэрхуэрэгъу лъэщу зэрыщытыр икIи мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ираГъэкIуэкIа джэгуГъуитIми зэрыщытекIуар. Ди щIалэхэм ростовдэсхэр къызэтрагъэувыIэну зэрыхущIэкъуныр шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	19	15	3	1	31-6	48
2. «IэфIыпс»	19	12	3	4	29-19	39
3. «Краснодар-2»	19	11	3	5	38-20	36
4. «Черноморец»	19	9	4	6	25-19	31
5. «Ангушт»	19	8	5	6	17-15	29
6. «Тэрч-2»	19	7	6	6	30-22	27
7. «МэшыкъуэкIмВ»	19	7	4	8	17-21	25
8. «Динамо-Ставрополь»	19	6	6	7	22-21	24
9. СКА	19	7	3	9	21-20	24
10. МИТОС	19	6	3	10	24-31	21
11. «Астрахань»	19	5	5	9	21-29	20
12. «Биолог-Новокубанск»	19	4	5	10	12-28	17
13. «Алания»	19	3	7	9	11-25	16
14. «Дружба»	19	3	3	13	14-36	12

Топыр гъуэм дэкIыным къэнэжар зы мащIэт.

● Шэджэм щIыналъэ

Щэнхабзэмкlэ унэхэр ирагъэфIакIуэ

Шэджэм щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унитхум макъамэ Iэмэпсымэщ1эхэр яIэнущ. А Iуэхуэхэм районыр бюджетым щыщу сом мин 400 трагъэкIуэдэнущ.

ЯНЫКЪУЕЙ, Лашынкъей, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэхэм микрофон, пулыт, колонкэхэр ираташ. Эльбюбю, Булунгу къуажэхэми хуашэнущ.

Щэнхабзэмкlэ управленэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэ Iэмэпсымэ зэпэщ къуажэхэм зэи яIакъым, 70 гъэхэм къащ1эхуауэ щытамкlэ иджыри къэс лэжьащ.

Щэнхабзэмкlэ управленэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэ Iэмэпсымэ зэпэщ къуажэхэм зэи яIакъым, 70 гъэхэм къащ1эхуауэ щытамкlэ иджыри къэс лэжьащ.

Щэджэм щIыналъэм художественнэ самодеятельностым и гупи 150-м нэблагъэ щ1олажьэ, абыхэм ныбжьыщIэ 2500-рэ хуэдиз хэтщ.

КIАРЭ Элинэ.

УнафэщIыр мылъкум хэджэгухьауэ къыщIэкIащ

ФСБ-мрэ МВД-мрэ я Iуэхущ1апIэхэу республикэм щыIэхэм я лэжьакIуэхэм сэтей къащIащ Налшык къалэм щыпсэу, илъэс 40 зи ныбжь щIыхухъур «Тырныауз шахтэ зыуху и управленэ» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщIу щыщыта лъэхъэнэм, а Iуэхущ1апIэм абы щыщIыныгъэшхуэ зэрыритар. Къулыкъур езым и фейдэ зыхэлъхэм теухуауэ къигъэсэбэпурэ, экономикэм, финансхэм я щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ документхэр лъэныкъуэ иригъэзурэ, абы псори зэхэту Iэщ1экIуэдар сом мелуан 35-м щIегъу.

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм унафэщI Iэубыдыпlэнщэр УФ-м и Уголовнэ кодексым и 201-нэ статьям и Iыхьэ 2-мкlэ, 201-нэ статьям и Iыхьэ 1-мкlэ, 160-нэ статьям и Iыхьэ 4-мкlэ, 195-нэ статьям и Iыхьэ 1-мкlэ игъэкъуэншащ икIи абыхэм япкъ иткlэ, илъэсиплIкlэ тезырхэр щрагъэпшын колонием щыIэнущ.

ФСБ-м и Управлензу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

● Бахъсэн щIыналъэ

Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм махуитIкIэ щрагъэджащ «Волонтёр дыщэ» зэпеуэм хэтынухэр. Мы Iуэхур къыхэзыльхьар «Уи гъунэгъуэм дэIэпыкъу» фIащауэ республикэм сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ папщIэ къыщызэрагъэпэща жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Сыжажэ Алимщ. Абы дэIэпыкъуащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ и управленэр.

IУЭХУМ хэтыныхэр къригъэблагъащ Бахъсэн районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Iэхъуэбэч Анзор**. Абы зэрыжиIащи, щIыналъэм волонтёрхэр щыIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи абы хэт дэтхэнэри сэбэп мэхъу.

Районым и ныбжьыщIэ нэхъ жыджэрхэр махуитIкIэ хуагъэсащ гуп къызэрэпэщыным, пашэ хъуным и щхэхуэм. А еджаныгъэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ сертификатхэр иратыжащ щIыху 27-м. Нэхъ къыхэжаныкIахэр «Волонтёр дыщэ» зэпеуэм хэтынущ.

- Мыхуэдэ Iуэхур сэбэпщ Бахъсэн щIыналъэм и волонтёрхэм загъэсэнымкIи я зэфIэкIыр ягъуэнэхужьынымкIи, - жиIащ районым щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ Iэщ1агъэлI **Къуэщ1ысокъуэ Юлие**.

Езы волонтёрхэм зэрыжаIамкlэ, апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я зэхэщIыкIым зрегъэужь, къыхах Iэщ1агъэм хэгъуэзэнымкIи сэбэпщ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

Адыгэ хабзэр я гъуазэу

● Аруан щIыналъэ

Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт и жэрдэмкlэ «Адыгэ хабзэ» дерсхэр школ программэм хагъэхьащ.

КУЭДЫР зыщыгуфIыкIа а Iуэху щхьэпэр даIыгъащ егъэджэныгъэмкlэ щIыналъэ управленэм, школ унафэщIхэм, адэ-анэхэм.

Хабзэр унагъуэм, лъэпкъым я набдзэщ, я гъащIэ гъуазэщ. Лъэпкъым хабзэфI къыдекIуэкIмэ, узынишэщ, къэкIуэну дахэ зэриIэнуми шэч хэлъкъым. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди адыгэ хабзэр щIыхум Iэщ1ыб ящIу пIэрэ жозыгъэIэ Iуэхугъуэ куэд дрохьэлIэ: хабзэр зыгъэзэщIэну хуей нэхъыжьхэми я Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэхъуэкIыныгъэ къемызэгъэр къыхыхьащ, хъумэн хуей куэдыр гулъытэнщэу къонэ.

«Адыгэ хабзэр дзгъэзеигъуэ кIыхьщ», - жиIащ пасэрейм. ИкIи ар зы къуажэкъым е зы хьэблэкъым зейр, атIэ хабзэр ди адыгэ лIакъуэ псоми я зэхуэдэу щытын хуейщ. Гугъу зыдумыгъэхьу зыри къохъулIэнукъым. Апхуэдэщ ди хабзэр нэсу джынри. Ар бджьын папщIэ уи анэдэлхъубзэри уэрсэру пщIэн хуейщ. Адыгэ хабзэр дэтхэнэри емыкIумрэ нэмысыншагъэмрэ щызыхъумэ, цIыхум и пщIэр зыгъэлIапIэ фIыгъэшхуэщ. Ди щIыналъэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт фIыщIэ ин худощI ди щIэблэм и къэкIуэнумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху къызэрыкIыхьам папщIэ, икIи ди гуапэт абы и щапхъэр ди республикэм и адрей еджапIэхэми гъуазэ яхуэхъуну.

КЪУРАШЭ Эммэ,
Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и егъэджакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзыр КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэмрэ Тхьэгъэзит Юрий Мухьэмэд и къуэмрэ** яхуогузавэ абыхэм я къуэш **Тхьэгъэзит Таукъан Мухьэмэд и къуэр** зэрыIам къыхэкIыу.

● ДифI догъэлъапIэ

ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ

Псэр зэрыхэтыр Iэпкълъэпкъым
ЦIыхугур бгъэм къыщеуэхуд.
ЗэрыщыIэнур ди лъэпкъыр
Пхуэдэ адыгэ псэухуд.
Мыкъуэжь Анатолэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм, адыгэ зэрыс хэгъуэгухэм, хамэ къэралхэм щыцIэрыIуэ жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, литературовед Хьэфыщ1э Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур Iэтауэ щагъэлъэпIащ Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, ЩIДАА-м и вице-президент, ЩIэныгъэмрэ гъуэгуанэмкIэ Петровскэ академием, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием, Урыс географие зэгухьэныгъэм хэт Мухьэмэд къикIуа гъащIэ гъэзэгуанэмрэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэмрэ къызэщIэнкъуэжу уасэ гуэр иуэбгъэувыныр тыншкъым, а илъэс 70-р зэрызэхэт мазэхэр апхуэдизкIэ купщIафIэщи, гуащIафIэщи. Апхуэдэу щытми, Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ Балэ Людмилэрэ жэрдэм ящIащ Мухьэмэд и ныбжьэгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, бзэ щIэныгъэлIхэр, щIэблэр зыгъасэхэр зэхуаушэсу IупщIыIу, хэкупсэу кьалъытэ, ноби адыгэ Iэхуми и къызэгъэпэщакIуэ пашэу ди япэ ит тхьэмадэр я жьантIэдэсу пшыхь гуапэ ирагъэкIыжыну.

Зэ1ущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Тау Пщыкъан**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **БакIуу Хъанджэрий**, тхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ **Мэшыкъуэ Тэзал**, щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ, теолог **Хъуажь Фахъри**, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, усакIуэ **Ацкъан Русланрэ** тхылъ тедзапIэм и редактор, усакIуэ **Джэрыджэ Арсенрэ**, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолэ**, КъБР-м и радиом адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Тэтрокъуэ Астемыр**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **Щоджэнцыкlу Леонид**, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Бэлэ**, абы и лэжьэгъу **Хьэту Пётр**, Кэнжэ къуажэм и ветерансхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **ЖьэкIэмыхъу Борис**, нэхъыжьыфIхэр **Иуаз Мухьэмэд, Болий Мустэфар, Ахъмэт МуIэед** сымэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупымрэ абы пашэныгъэ къыщызыхьахэмрэ, республикэм и районхэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр, школакIуэхэр, нэгъуэщIхэр.

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэ гупым дахэу къыхэIуахащ пшыхьыр икIи яп1э кьафэм и ужькIэ ансамблым къыбгъэдэкIыу адыгэ пыIэ тыгъэ хуащIащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

Зэ1ущIэр езыгъэкIуэкIа КъанкъупИслъам, Борсэ Саидэ, Къуэжей Темыркъан, Вындыжь Аскэр сымэ зэпадзыжу кьеджащ Уэрэзей Афлик Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуитха усэм.

Утыкум яп1э кърагъэблэгъащ **Балэ Людмилэ**.

- Лъэпкъ цIыхур, хэкупсэр - ар зи лъахэм папщIэ IуэхугъуэфI куэд зэфIэзых, кьалэныжьыгъуэкIэ зыхуигъэувыжкIуэ ахэр кIуу зэфIэзыгъэкI, зи анэдэлъхубзэр зыгъафIэ, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэ хъумэным, егъэфIэкIуэным хущIэкъу, и лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр дуней псом къригъэщIынуным и къару емыблэжу хуэлажьэрщ. Апхуэдэущ сэ зэрысцIыхур Хьэфыщ1э Мухьэмэд, - жиIащ Балэм.

- Щ1ыхь зиIэм щытхъу хуэфащэкIым, жаIэ адыгэхэм, ауэ Мухьэмэд хуэдэм и IэхъущIафэхэмрэ и дуней тетыкIэмрэ утепсэлъыхьыныр зэи лей хъунукъым, ар лъэпкъым и пашэщи, щIэблэм я гъуэзэщи, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ **Дыщэкl Марие**. - Шэджэм районым Егъэджэныгъэмкlэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщIхэм, щылажьэхэм, ди куейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджхэм си пщэ къраль хьащ уемызэшу, «нэхъыбэж цIыхум яхуэсщIарэт», жыпIэу дунейм уэзрытетым щхьакIэ фIыщIэ уэсщIыну. Уи узынщагъэкIи, уи гуащIэкIи иджыри уигу иль псоми уапэлъэщу илъэс куэдкIэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ!

Аброкъуэ Бэлэ фIыщIэ яхуищащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщащэм. «Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуэдэ лъэпкъыпIыр кьуажэ хъэси щыбгъэпытапIэкIэ лей хъунукъым, - жиIащ Бэлэ. - Адыгэ лъэпкъымрэ адыгэбзэмрэ ехьэлIауэ Iэхъу щхьэпэ зэфIэзых республикэм и къэпщытакIэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр анэдэлъхубзэр хъумэным, кьыдэкIуэтей щIэблэм яIурылъыным, егъэджакIуэхэр гъэгушхуэным ехьэлIауэ зэрыфIыгъуэшхуэр къыпхуэмылъытэнщ». Бэлэ дахэу утыку къыщеджащ «Нур» журналым и лэжьакIуэ, усакIуэ Къармэ Iэсият Хьэфыщ1э Мухьэмэд и юбилейм папщIэ зэхилъхьа усэм.

- Цыхум и цIэр езым зыфIещыж жыхуаIэращи, сыт хуэдизи псалъэ дахэ, гуапэ хужумыIэми, езым кьилэжьыжа пщIэм нэхърэ нэхъыбэ пхуэхущIынунукъым, - жиIащ **Тау Пщыкъан**. - Ныщхьэбэ Мухьэмэд хужаIэм езым кьимылэжьауэ зы псалъи хэткъым. Лъэпкъыр щыкъулейр цIыху губзыгъэ, Iущ, Iэщ1агъэлI куэду иIэмэщ, абы ефыгъуэ кьахэмыкIыу зыгъэфIэн куэд кьыкъуэтмэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, адыгэм ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужщ мы пшыхьыр. Дэ догъэлъапIэ адыгэм и цIэр жьыжьэу зыгъэIу, хамэ къэрал куэдым кьыщацIыху лэжьакIуэшхуэ, лъэпкъыпI нэс. Уи мурадхэм Iэкlэ утеIэбэу куэдрэ иджыри упсэуну сыпхуохъуахъуэ.

КъБКъУ-м и Педколледжым и егъэджакIуэ **Тэнащ Тамарэ** а махуэм кьишат Иорданием, Сириием, Корее Ипщэм, Мали, нэгъуэщI къэралхэми кьыкIауэ ди университетым щеджэ щIалэгъуалэр. Абыхэм Мухьэмэд и творчествэр фIыуэ зэрацIыхум, адыгэм хуищIэ Iэхъу щхьэпэхэм зэрыщыгъуаэзм щхьэкIэ, Хьэфыщ1эр зэрагъэлъагъуну я нэ кьыззрикIыр жиIащ Тамарэ икIи апхуэдэ Iэмал яритащ. Ахэр Мухьэмэд дэуэрэшэращ, и гъусэу сурэт зытрагъэхащ.

Бейтыгъуэн Сэфарбий жиIащ хэхэсхэмрэ хэкужьым кьинахэмрэ яп1э дыдэу зэпызыщIэфар зэры-Мухьэмэдыр. «ЛIыгъэ хэлъщ Хьэфыщ1эм. Мухьэмэд фIыщIэ жыгыу адыгэм тхуэкIуэу я IэхъущIафэхэмрэ и дуней тетыкIэмрэ утепсэлъыхьыныр зэи лей хъунукъым, ар лъэпкъым и пашэщи, щIэблэм я гъуэзэщи, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ **Дыщэкl Марие**. - Шэджэм районым Егъэджэныгъэмкlэ и Iэхъущ1апIэм и унафэщIхэм, щылажьэхэм, ди куейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджхэм си пщэ къраль хьащ уемызэшу, «нэхъыбэж цIыхум яхуэсщIарэт», жыпIэу дунейм уэзрытетым щхьакIэ фIыщIэ уэсщIыну. Уи узынщагъэкIи, уи гуащIэкIи иджыри уигу иль псоми уапэлъэщу илъэс куэдкIэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ!

Аброкъуэ Бэлэ фIыщIэ яхуищащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщащэм. «Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуэдэ лъэпкъыпIыр икIи яп1э кьафэм и ужькIэ ансамблым къыбгъэдэкIыу адыгэ пыIэ тыгъэ хуащIащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

Зэ1ущIэр езыгъэкIуэкIа КъанкъупИслъам, Борсэ Саидэ, Къуэжей Темыркъан, Вындыжь Аскэр сымэ зэпадзыжу кьеджащ Уэрэзей Афлик Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуитха усэм.

Утыкум яп1э кърагъэблэгъащ **Балэ Людмилэ**.

- Лъэпкъ цIыхур, хэкупсэр - ар зи лъахэм папщIэ IуэхугъуэфI куэд зэфIэзых, кьалэныжьыгъуэкIэ зыхуигъэувыжкIуэ ахэр кIуу зэфIэзыгъэкI, зи анэдэлъхубзэр зыгъафIэ, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэ хъумэным, егъэфIэкIуэным хущIэкъу, и лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр дуней псом къригъэщIынуным и къару емыблэжу хуэлажьэрщ. Апхуэдэущ сэ зэрысцIыхур Хьэфыщ1э Мухьэмэд, - жиIащ Балэм.

● ДифI догъэлъапIэ

ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ

- Ищ1а псор хэмытми, иджыпсту республикэпсо фестиваль-зэпеуэм хуэкIуа «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэхьэзэхуэр къыщэрырихьэжьам, ноби зэрыригъэкIуэкIым папщIэ фIыщIэ хуэфащэщ Мухьэмэд. Илъэс 17-м кьриубыдэу фестивалыр кьыддалыгъащ Iуэхущ1апIэ куэдым, ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ тхэкIыжахэщ, абы хуэпэжу кьэнар, егъэджакIуэхэр ноби зыгъэгушхуэр Мухьэмэдщ. Дэтхэнэ сабийми егъэджакIуэми гулъытэ хуищIыну фIэфIщ Хьэфыщ1эм, абыхэм я екъуп1эныгъэхэр газетым тредзэ, егъэлъапIэ, я щхьэр лъагэу ярегъэлъагъуж, нэхъыбэжым трегъэгушхуэ. Зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэхэм Анэдэлъхубзэр езыгъэжьауэ утыкум изышар Хьэфыщ1эм и лэжьэгъуэхэр и гъусэу кьрихьэжьа Iуэхурщ. Дэтхэнэ зыми и текIуэныгъэр гулъытэншэу Мухьэмэд кьыгъэнакъым - «Адыгэ псалъэм», Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэр, я щ1ыхь хъэпэжу ярет, утыку кьришэурэ егъэджакIуэ гуащIафIэхэм я екъуп1эныгъэхэм псори щегъэгъуазэ.

Илъэс бжыгъэ куэд щIауэ апхуэдэу зыдэлажьэ егъэджакIуэ-къэпщытакIуэ гупым кьабгъэдэкIыу Хьэфыщ1э Мухьэмэд екъуэхъуну, псалъэ гуапэ хужаIэну зэ1ущIэм зыкърагъэхьэлIат Дыщэкl Марие, Токъу Сарэ, Тэнащ Тамарэ, Бекъан Масирэт, Ефэнды Маринэ, Къарэжь Тамарэ, Апажэ Маринэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

- Щ1ыхь зиIэм щытхъу хуэфащэкIым, жаIэ адыгэхэм, ауэ Мухьэмэд хуэдэм и IэхъущIафэхэмрэ и дуней тетыкIэмрэ утепсэлъыхьыныр зэи лей хъунукъым, ар лъэпкъым и пашэщи, щIэблэм я гъуэзэщи, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ **Дыщэкl Марие**. - Шэджэм районым Егъэджэныгъэмкlэ и Iэхъущ1апIэм и унафэщIхэм, щылажьэхэм, ди куейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджхэм си пщэ къраль хьащ уемызэшу, «нэхъыбэж цIыхум яхуэсщIарэт», жыпIэу дунейм уэзрытетым щхьакIэ фIыщIэ уэсщIыну. Уи узынщагъэкIи, уи гуащIэкIи иджыри уигу иль псоми уапэлъэщу илъэс куэдкIэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ!

Аброкъуэ Бэлэ фIыщIэ яхуищащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщащэм. «Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуэдэ лъэпкъыпIыр икIи яп1э кьафэм и ужькIэ ансамблым къыбгъэдэкIыу адыгэ пыIэ тыгъэ хуащIащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

Зэ1ущIэр езыгъэкIуэкIа КъанкъупИслъам, Борсэ Саидэ, Къуэжей Темыркъан, Вындыжь Аскэр сымэ зэпадзыжу кьеджащ Уэрэзей Афлик Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуитха усэм.

Утыкум яп1э кърагъэблэгъащ **Балэ Людмилэ**.

- Лъэпкъ цIыхур, хэкупсэр - ар зи лъахэм папщIэ IуэхугъуэфI куэд зэфIэзых, кьалэныжьыгъуэкIэ зыхуигъэувыжкIуэ ахэр кIуу зэфIэзыгъэкI, зи анэдэлъхубзэр зыгъафIэ, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэ хъумэным, егъэфIэкIуэным хущIэкъу, и лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр дуней псом къригъэщIынуным и къару емыблэжу хуэлажьэрщ. Апхуэдэущ сэ зэрысцIыхур Хьэфыщ1э Мухьэмэд, - жиIащ Балэм.

Щоджэнцыкlу Леонид а пщыхьэщхьэм Хьэфыщ1э Мухьэмэд щриташ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Фондымрэ Лермонтовым и урысей комитетымрэ зэгъусэу ягъэхьэзыра, дыщэпс зытегъэпъэда медалыр. Адыгэ лъэпкъым и бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр, щIэнгъуаэзр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ, Щоджэнцыкlу Алий и Iэдакъэщ1экIэхэм цIыхубэр щыгъэгъуэзэнымкIэ, щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIым папщIэ Щ1ыхь тхылъи иритащ.

КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ **Унэлlокъуэ Вячеслав** жиIащ Мухьэмэд къудамэбэу зэкIэщIэкIа жыгышхуэм зэрыригъэщхьыр, апхуэдэуи фIыщIэ хуищIащ къыщIагъэкI Iэщ1агъэлIхэм ящыщхэр журналистикэм хуригъэджэжурэ лэжьыгъэ Iэнатlэ зэраритым папщIэ.

- Мухьэмэд зэфIигъэкI лэжьыгъэ псоми, мащ1э-куэдми, фытепсэлъыхьащ нобэ, ауэ сэ къыхэзгъэщыну сызыхуейр «Адыгэ псалъэ» газетым щригъэкIуэкI лэжьыгъэращ. Ар газетым и редактор нэхъыщхьэ хъуа нэужь, зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газетым. Нобэ къэпсэлъахэми къыхагъэщащ «ГъуэзджэI», «щIэнгъуаэ» псалъэхэр. Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» кIуэн ипэ къыдэкIа псалъалъэхэм иткъым а зи гугъу сщIахэр. Ар языныкъуэхэм яфIэфIу ирахьэжьащ, язныныкъуэхэми яфIэмытэмэму ирипсэльащ. Арщхьэкlэ, иджы дызыхуэкIуэжам къегъэлъагъуэ а псалъэхэр ди бзэм къызэрыхьыхьэжар. «Адыгэ псалъэ» газетым и бзэм теухуа дерс щ1ыхэуэ йоджэ магистрэхэри бакалавриатэхри, абы теухуа диплом лэжьыгъэу 5 пхагъэкIащ. Абы къигъэлъагъуэр зыщ - Хьэфыщ1э Мухьэмэд илэжь псоми пщIэ зэриIэрщ, сэбэпынагъ къызэрыпэкIуэрщ. Сыт хуэдэ Iуэху къепхьэжьэми псыхэкIуадэ мыхъуу, куэдрэ ди япэ Тхьэм уригъэт, - жиIащ Вячеслав.

Кэнжэ дэт 20-нэ курыт школым и унафэщI **Аслъэн Майе**, Налшык къалэ дэт 13-нэ прогимназием адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ **Апажэ Маринэ**, Дзэлыкъуэ куейм къыбгъэдэкIыу **Нэгумэ Лейлэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэу лэжьа **Къанкъуп Людмилэ**, тхакIуэ, усакIуэ **Апажэ Ахьмэд**, кэнжэдзэ нэхъыжьыфIхэр ехъуэхъуащ ХьэфIыщ1эм я пщыхьэщхьэм. Псоми къыхагъэщырт нэхъыжьыфIыр дипломат набдзэгубдзапIэу, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, тхыдэдж, тхакIуэ, журналист Iэзэу зэрыщытыр, гу къабзэрэ псэ хьэлэрэ зиIэ цIыху щыпкъэу дунейм зэрытетыр.

Пшыхьым Мухьэмэд хуэзэхалъхьа усэ куэд щIыIащ, уэрэд тыгъэ хуэзыщIаи къаэхкIащ хьэщIэхэм. Апхуэдэу пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ уэрэджьIакIуэхэу **Вындыжь Аскэр, Мамий Аслъэн, Тэхъу Артур**, Кэнжэ дэт курыт школым щIэс къэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ цIыкIухэм.

Си тхыгъэр сухыну сыхуейщ Мыкъуэжь Анатолэ я къушхьэщхьэм Хьэфыщ1э Мухьэмэд жриIа хьуэхъу псалъэхэмкIэ:

Iуэхущхуэ лъэпкъым хуэзыщIэжым Хуэфащэщ фIыгъуэу щыIэ псор.
Уи насыпи фалъэр изрэ изу
Тхьэм куэдрэ, куэдрэ уигъэпсэу!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым и 15-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынатъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.072
Заказ №488